



Pou Piblikasyon Imedya: 25/10/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE OUVÈTI PERYÒD APLIKASYON POU PWOGRAM  
KREDI ENPO POU DEPANS KAPITAL POU COVID-19 250 MILYON DOLA A**

***Ti biznis ki gen 100 oswa mwens anplwaye ka resevwa kredi enpo pou depans ki fèt pou ogmante sekirite kont COVID-19 yo***

***Zouti evalyasyon an disponib [isit la](#)***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse y ap aksepte aplikasyon ti biznis ki te konplete [pwosesis pre-evalyasyon](#) pou vin sètifye pou Pwogram Kredi Enpo pou Depans Kapital COVID-19, ki sipòte konpayi ki te fè investisman pou respekte dekrè ijans ak règlemantasyon oswa pou ogmante sekirite piblik la nan repons ak COVID-19 la.

"Lè pandemi an te devaste rezilta nè pifò ti biznis atravè Eta New York, mwen te angaje pou te lonje yo lamèn depi premye jou a," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Kredi enpo sa a ap yon kòd sovtaaj pou biznis New York yo - ki se kolòn vètebral ekonomi eta nou an - epi mwen ankouraje tout moun ki enterese pou yo aplike pou èd ki tèlman nesèsè sa a."

Pwogram sa ki te anonse nan kad premye Bidjè Egzekitif Gouvènè Hochul la pou ranfòse sipò Eta a pou ti biznis yo, epi ki te antre apre nan Bidjè Ane Fiskal 2023 ki te Adopte a, nouvo pwogram soulajman enpo ranbousab sa a vize depans pou diminisyon risk maladi ki gen rapò ak COVID-19 pandan 2021 ak 2022 yo. Depans ki lye ak COVID-19 ki kalifye yo enkli, men yo pa limite sèlman a:

- Founiti pou dezenfekte oswa pwoteje kont transmisyon COVID-19
- Depans ki asosye ak ekspansyon, oswa pou defini espas pou respekte distans sosyal
- Ekipman HVAC
- Depans ki gen rapò ak ogmantasyon aktivite deyò ak agrandisman espas deyò yo
- Machinri ak ekipman pou fasilite vant san kontak

Kredi enpo yo ap kouvri 50 pousan nan depans ki kalifye yo, jiska 50,000 dola, pou yon prim kredi enpo maksimòm 25,000 dola, epi y ap akòde kredi yo sou yon baz premye

vini, premye sèvi jiskaske fon pwogram lan epuize. Biznis ki kalifye yo dwe ap fonksyone nan yon lokal nan Eta New York, gen 100 oswa mwens anplwaye, 2.5 milyon dola oswa mwens nan resi brit nan ane fiskal 2021 an, ak omwen 2,000 dola nan depans ki kalifye ant 1e janvyè 2021 ak 31 desanm 2022.

Y ap aksepte aplikasyon yo jiska 31 mas 2023. Pou reklame yon kredi enpo pou deklarasyon fiskal 2022 yo, biznis yo dwe resevwa yon sètifika kredi enpo nan men Empire State Development (ESD) nan dat 31 desanm 2022 oswa anvan. Yo ka reklame kredi enpo ki te soti nan dat 1ye janvyè 2023 oswa apre, nan deklarasyon enpo 2023 yon antrepriz. Pou aprann plis sou kalifikasyon depans yo, vizite [www.esd.ny.gov/covid-19-capital-costs-tax-credit](http://www.esd.ny.gov/covid-19-capital-costs-tax-credit). ESD te fè kontra ak Platfòm FORWARD pou evalye aplikasyon biznis yo, valide depans yo epi distribye kredi pou pwogram lan.

Kredi Enpo pou Depans Kapital pou COVID-19 la fè pati misyon Gouvènè Hochul pou sipòte ti biznis ki afekte pa pandemi an. Yo te sibler plis pase 1 milya dola pou rekiperasyon ti biznis nan premye bidjè Gouvènè Hochul la, ki te genyen ladan l 250 milyon dola Kredi Enpo pou Depans Kapital pou COVID-19 la, 800 milyon dola pou Pwogram Rekiperasyon Ti Biznis apre Pandemi epi ki se premye pwogram konsa nan peyi a, 200 milyon dola pou Pwogram Finansman Demaraj pou sipòte biznis ki nan etap preliminè yo, mikwo ak ti biznis ki te ouvè touswit anvan oswa pandan pandemi COVID-19 la.

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare,** "San se pa fòt yo, ti biznis atravè eta a te dwe peye pou anpil depans pandan pandemi an ki te nesèsè pou kenbe anplwaye ak kliyan yo an sekirite, men yo pa t prevwa oswa fè bidjè pou yo. Sou lidèchip Gouvènè Hochul la, Pwogram Kredi Enpo pou Depans Kapital pou COVID-19 la ap ede fasilite fado ke ti biznis nan kominote a te fè pandan pandemi an epi ede yo kontinye reprann jarèt."

Pwogram sa ki te anonse nan kad premye Bidjè Egzekitif Gouvènè Hochul la pou ranfòse sipò Eta a pou ti biznis yo, epi ki te antre apre nan Bidjè Ane Fiskal 2023 ki te Adopte a, nouvo pwogram soulajman enpo ranbousab sa a vize depans pou diminisyon risk maladi ki gen rapò ak COVID-19 pandan 2021 ak 2022 yo. Depans ki lye ak COVID-19 ki kalifye yo enkli, men yo pa limite sèlman a:

- Founiti pou dezenfekte oswa pwoteje kont transmisyon COVID-19
- Depans ki asosye ak ekspansyon, oswa pou defini espas pou respekte distans sosyal
- Ekipman HVAC
- Depans ki gen rapò ak ogmantasyon aktivite deyò ak agrandisman espas deyò yo
- Machinri ak ekipman pou fasilite vant san kontak

Kredi enpo yo ap kouvri 50 pousan nan depans ki kalifye yo, jiska 50,000 dola, pou yon prim kredi enpo maksimòm 25,000 dola, epi y ap akòde kredi yo sou yon baz premye

vini, premye sèvi jiskaske fon pwogram lan epuize. Biznis ki kalifye yo dwe ap fonksyone nan yon lokal nan Eta New York, gen 100 oswa mwens anplwaye, 2.5 milyon dola oswa mwens nan resi brit nan ane fiskal 2021 an, ak omwen 2,000 dola nan depans ki kalifye ant 1e janvyè 2021 ak 31 desanm 2022.

Y ap aksepte aplikasyon yo jiska 31 mas 2023. Pou reklame yon kredi enpo pou deklarasyon fiskal 2022 yo, biznis yo dwe resevwa yon sètifika kredi enpo nan men Empire State Development (ESD) nan dat 31 desanm 2022 oswa anvan. Yo ka reklame kredi enpo ki te soti nan dat 1ye janvyè 2023 oswa apre, nan deklarasyon enpo 2023 yon antrepriz. Pou aprann plis sou kalifikasyon depans yo, vizite [www.esd.ny.gov/covid-19-capital-costs-tax-credit](http://www.esd.ny.gov/covid-19-capital-costs-tax-credit). ESD te fè kontra ak Platfòm FORWARD pou evalye aplikasyon biznis yo, valide depans yo epi distribye kredi pou pwogram lan.

Kredi Enpo pou Depans Kapital pou COVID-19 la fè pati misyon Gouvènè Hochul pou sipòte ti biznis ki afekte pa pandemi an. Yo te sible plis pase 1 milya dola pou rekipasyon ti biznis nan premye bidjè Gouvènè Hochul la, ki te genyen ladan l 250 milyon dola Kredi Enpo pou Depans Kapital pou COVID-19 la, 800 milyon dola pou Pwogram Rekipasyon Ti Biznis apre Pandemi epi ki se premye pwogram konsa nan peyi a, 200 milyon dola pou Pwogram Finansman Demaraj pou sipòte biznis ki nan etap preliminè yo, mikwo ak ti biznis ki te ouvè touswit anvan oswa pandan pandemi COVID-19 la.

**Senatè Eta Anna M. Kaplan, te deklare,** "Ti biznis yo te oblije fè gwo depans pou re-ouvri san danje pandan pandemi an, epi ak depans sa yo k ap kontinye monte, yo bezwen sipò nou plis pase avan. Mwen te fyè pou m patwone Pwogram Kredi Enpo pou Depans Kapital COVID-19 la, k ap ede minimize enpak finansye pwopriyetè ti biznis yo te fè pou yo rete an sekirite epi rete ouvè, epi mwen ankouraje chak pwopriyetè ti biznis pou yo chèche konnen si yo kalifye epi aplike pou soulajman sa san yo pa pèdi tan."

**Manm Asanble AI Stirpe te deklare,** "Antanke prezidan Komite Ti Biznis Asanble a, se toujou yon priyorite pou mwen pou m ede antreprenè lokal yo nan nenpòt fason posib paske mwen konnen devouman ki nesèsè pou kenbe chandèl yo limen, jou apre jou. Ti biznis yo konte pou 98% nan tout biznis nan Eta NY epi pwopriyetè sa yo anplwaye 53% nan mendèv la. Yo se konbiztib motè ekonomik nou an epi n ap kontinye sipòte yo nan depans sekirite enprevi, ki enkli tout bagay soti nan espas sèvis deyò yo rive nan nouvo sistèm HVAC, ki te frape yo di. Pandan y ap sakrifye yo pou sèvi kominote nou an, nou dwe ede yo fè yon rekipasyon ki konplè de pandemi an. Ouvèti aplikasyon pou Pwogram Kredi Enpo pou Depans Kapital COVID-19 la se sipò pwopriyetè ti biznis yo t ap tann nan men Eta NY la. An nou tout retounen travay!"

### **Enfòmasyon sou Platfòm FORWARD la**

Platfòm FORWARD la se solisyon Administrasyon Pwogram Entegre Integrated (Program Administration, IPA) pou gouvènman eta ak lokal yo atravè Amerik la. FORWARD modènize apwòch gouvènman an pou administre pwogram yo lè li entegre tout sèvis, eleman, moun, ak teknoloji esansyèl yo nan yon sèl solisyon senplifye epi

sekirize. Soti nan konfigirasyon back-end aplikasyon an, sansibilizasyon kominotè, maketing, sipò nan plizyè lang, evalyasyon pou kalifikasyon, deteksyon fwod, ak distribisyon, rive nan rapòtaj. Platfòm FORWARD la distribye resous yo pi rapid ke jamè anvan pandan l ap diminye gaspiyaj, fwod ak depans administrasyon yo. FORWARD te ede gouvènman an jere plizyè douzèn pwogram tou pou jwenn resous pou fanmi ak biznis yo rapidman, nan fason ki rantab, epi sekirize. Pou aprann plis, vizite [www.forwardplatform.com](http://www.forwardplatform.com).

### **Enfòmasyon sou Empire State Development**

Empire State Development (ESD) se ajans devlopman ekonomik prensipal New York. Misyon ESD se pou pwomouvwa yon ekonomi ki djanm ak pwospè, ankouraje kreyasyon nouvo travay ak opòtinite ekonomik, ogmante resèt pou Eta a ak minisipalite li yo, epi fè ekonomi lokal yo vin estab ak divèsifye. Gras a itilizasyon prè, sibvansyon, kredi taks ak lòt fòm asistans finansye yo, ESD ap fè efò pou amelyore investisman biznis prive ak kwasans pou sipòte kreyasyon travay epi sipòte kominote pwospè yo toupatou nan Eta New York. ESD se egalman ajans administratif prensipal k ap kontwole Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Councils) Eta New York la ak komèsyalizasyon "I LOVE NY", mak touris anblematik Eta a. Pou plis enfòmasyon sou Konsèy Rejyonal yo ak Empire State Development, tanpri vizite [www.regionalcouncils.ny.gov](http://www.regionalcouncils.ny.gov) ak [www.esd.ny.gov](http://www.esd.ny.gov).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418